



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE METRIZ TOTAL DIFE JENNINGS CREEK NAN PAK
ETA STERLING FOREST.**

***Rezilta entèvansyon milti-ajans yo metrize a 100 pousan pi gwo dife nan Nouyòk
depi 2008***

***Depi 10 novanm, 427 konpayi ponpye — prèske tout se volontè — te voye plis
pase 1,300 ponpye ak ekipman pou ede***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke apre 14 jou, dife Pak Eta Jennings Creek/Sterling Forest nan fwontyè Eta Nouyòk la kounye a konplètman anba kontwòl. Gad Forè Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta yo ap dirije entèvansyon a ensidan an kowoperasyon ak Biwo Pak yo, Iwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP), Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Lapolis Eta Nouyòk (New York State Police, NYSP), Konte Orange, Gad Nasyonal Lame Nouyòk, ak plizyè lòt patnè lokal ak Eta plis ponpye forè nan Sèvis Ensandi Forè New Jersey, Colorado ak Montana. Aksyon entèvansyon nan zòn nan ap kontinye nan jou k ap vini yo ak yon fòs ekspè eta ak lokal ki pi piti pandan efò kontwòl dife yo ap progresse.

"Pandan de semèn, ekip ak anplwaye yo te reyaji atravè eta a pou yo lite kont dife Jennings Creek la e jodi a yo te reyisi konplètman a metrize dife a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Depi nan kòmansman an, nou te lanse yon repons kowòdone ak tout resous ki disponib pou ede sekouris nou yo pou mennen byen misyon sa a, epi yo pa t ap kapab fè sa san ekip pwofesyonèl ak volontè ki te travay ansanm ak patnè nou yo nan New Jersey, ak ekip ki soti nan Colorado ak Montana. Mwen remèsye yo tout pou travay achane yo, ki pase tan lwen fanmi yo epi travay san kanpe chak jou pou kenbe Nouyòk yo an sekirite."

Nan kad entèvansyon an, Gouvènè a te deplwaye lòt mwayen Eta ki gen ladan pèsònèl ak elikoptè Black Hawk ak Chinook Gad Nasyonal Lame, ansanm ak elikoptè Huey Polis Eta a. Ansanm, elikoptè sa yo te jete plis pase 500,000 galon dlo sou dife a pandan yon semèn. Eta a te deplwaye tou bouldozè ak operatè bouldozè yo ak lòt ekip pwofesyonèl epi volontè pou kontwole dife a. Depi 10 novanm, 427 konpayi ponpye — prèske tout volontè yo — te voye plis pase 1,300 ponpye ak ekipman pou ede

Entèvenan yo te atake dife sa a soti nan tè a ak nan lè a. Lapli ak nèj ki konstan nan de jou ki sot pase yo te pote imidite ki te nesèsè anpil nan rejyon an, aji kòm yon kouvèti pou bese tanperati tè a epi etèn dife a.

Jouk jounen jodi a, dife a boule 2,146 ekta atravè Nouyòk ak New Jersey depi 8 novanm. Dife a metrize a 100 Pousan e li kontwole a 100 Pousan Kòm rezilta, Ekip Jesyon Ensidan Eta a, ansanm ak ekip volontè yo te demobilize. Gen kèk seksyon dife ki ka rete anndan pak la nan pati ki pi fon epi ekip ponpye kalifye ki soti nan DEC, Gad Forè Pak ak Montana pral kontinye patwouye perimèt la pandan lapli ak nèj la nan fen semèn sa a, epi kontinye ak operasyon netwayaj si nesèsè jiskaske dife a konplètman etèn.

Byenke dènye lapli a te ede amelyore kondisyon sèk nan plizyè pati nan eta a, Nouyòk toujou entèdi boule nan tout eta a jiska 30 novanm akòz plis risk dife. Entèdiksyon boule sa a entèdi limen dife deyò nan tout eta a nan objektif pou elimine tout bwa ak debri, ansanm ak dife kan ki pa kontwole, epi dife yo itilize pou kwit manje. Yo pèmèt fwaye dife nan lakou ak dife kan ki genyen mwens pase twa pye nan wotè ak kat pye nan longè, lajè, oswa dyamèt, menm jan ak ti dife ki genyen pou kwit manje. Yo entèdi boule fatra oswa fèy yo pandan tout ane a nan Eta Nouyòk epi plizyè minisipalite gen kounya entèdiksyon pou boule.

Pak Eta Sterling Forest pral relouvri pou randone ak lachas apati samdi nan lès Long Meadow Road ak nan nò Route 17A. Santye nan zòn dife a pral rete fèmen pou tout tan.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)